

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina panalungtikan tangtu perlu ayana métode anu jadi jalan dilaksanakeunana éta panalungtikan. Dina métode panalungtikan ngawengku rupaning komponén minangka sistem. Métode panalungtikan mangrupa cara-cara atawa léngkah-léngkah nu digunakeun salila panalungtikan lumangsung, tangtuna éta léngkah-léngkah téh silih pakait jeung dilaksanakeun sacara sistematis. Saluyu jeung pamadegan Pasaribu & Simanjuntak (dina Fitrah & Luthfiah, 2017, kc. 26) nu nyebutkeun yén métode panalungtikan téh mangrupa cara sistematis nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan. Salian ti éta, Fitrah & Luthfiah (2017, kc. 26) gé ngalengkepan yén métode panalungtikan mangrupa hiji kagiatan ilmiah dina ngaréngsékeun hiji masalah kalawan sistematis pikeun ngahontal tujuan anu geus dirumuskeun.

Ieu bab medar métode panalungtikan nu ngawengku: 1) desain panalungtikan, 2) data jeung sumber data, 3) téhnik ngumpulkeun data, 4) instrumén panalungtikan, jeung 5) téhnik ngolah data. Éta bahasan téh dipedar di handap ieu.

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Nurutkeun Fitrah & Luthfiah (2017, kc. 44), panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu patali jeung aspék kualitas, niléi, jeung makna nu aya disatukangeun fakta. Éta tilu hal téh bisa diébréhkeun ngaliwatan linguistik, basa, atawa kecap-kecap. Ari métode déskriptif mah digunakeun pikeun ngagambarkeun *fenomena-fenomena* nu aya, boh anu keur lumangsung atawa nu geus kaliwat.

Pikeun meunangkeun hiji gambaran dina panalungtikan, diperlukeun ayana desain panalungtikan. Desain panalungtikan mangrupa rancangan pikeun nyieun hiji konstruksi pikeun néang jawaban dina unggal pananya (Mulyadi, 2013, kc.). Di handap ieu digambarkeun desain tina ieu panalungtikan kualitatif.



Bagan 3.2 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Dina panalungtikan kualitatif, salasahiji *fenomena* anu bisa ditalungtik téh nyaéta basa. Hususna mah dina ieu panalungtikan téh datana nyoko kana kecap rundayan. Sumber data nu digunakeun mangrupa carpon karya pinunjul Pasanggih Nulis Carpon MGMP Basa Sunda Tingkat SMP/MTs Sa-Kota Bandung taun 2021. Ieu pasanggiri téh diayakeun ku MGMP Basa Sunda SMP Kota Bandung dina tanggal 28 Agustus 2021 nu diiluan ku siswa/i SMP sa-Kota Bandung, kalawan pangurus MGMP nu jadi panata calagarana. Anapon téma carpon anu ditangtukeun ku panata calagara téh, nyaéta ‘sakola di imah’. Sabenerna sakabéh carpon téh jumlahna aya 38, tapi nu dijadikeun data dina ieu panalungtikan mah ukur dua belas carpon anu jadi pinunjul hungkul. Éta dua belas pinunjul téh ngawengku Pinunjul I, II, III, Harapan I, II, III Putra jeung Pinunjul I, II, III, Harapan I, II, III Putri. Lengkepna saperti bagan di handap ieu.

Tabel 3.3 Skor Pinunjul

No	Wasta	Skor
1	Lathifania Zahra R.A.	395
2	Maureen Assyifa Agnimaya	390
3	Zelda Rahmawati	380
4	Nazwa Nur Amalina	350
5	Albarray	345
6	Rahma Alma Nusholeha	345
7	Naufal Maula Rizqy	340
8	Siti Nurul Fadilah	335
9	Erland Hibaturrahman	310
10	Gabrielle Nicholas	305
11	Wirangga Ariq Surya	300
12	Hafizh	295

Kritéria penilaian dina pasanggiri téh ngawengku orisinalitas, éjahan jeung tanda baca, kasaluyuan téma, jeung basa nu digunakeun. Tina éta opat kritéria skor anu dipidangkeun téh mangrupa skor hasil akumulasi ti girang pangajén. Nurutkeun Mahayana (2009), kritéria anu digunakeun dina meunteun hiji karya sastra bisa dilakukeun ku cara nengetan kritéria *kebaruan (inovasi)*, *kepaduan (kohérénsi)*, *kompléksitas (kerumitan)*, *orisinalitas (keaslian)*, *kematangan (boga wawasan atawa intéléktualitas)*, jeung *kedalaman (eksploratif)*. Dua belas carpon karya pinunjul téh sagemblengna geus asup kana kritéria karya sastra anu alus éta.

Sari Nursalam, 2023

KECAP RUNDAYAN DINA CARPON KARYA PINUNJUL PASANGGIRI NULIS CARPON PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR ASPÉK KABASAAN DI SMP (Ulukan Adegan, Fungsi, jeung Harti)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Saperti nu diébréhkeun dina bagéan saacanna, sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta mangrupa téks carpon. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Nurutkeun Sugiyono (dina Nurmala & Suherman, 2021, kc 172) téhnik talaah pustaka téh nyaéta hiji métode pikeun ngumpulkeun data anu aya dina dokumén atawa sumber data lianna anu jadi objék panalungtikan. Ieu téhnik dipaké pikeun ngumpulkeun data kecap rundayan dina unggal carpon anu aya dina carpon karya patandang pasanggiri Nulis Carpon. Anapan léngkah léngkahna nyaéta:

- a. maca carpon karya patandang pasanggiri Nulis Carpon;
- b. nyirian kecap rundayan;
- c. nyalin kecap rundayan kana kartu data tur dikodean; jeung
- d. nyusun data dumasar urutan carpon.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis, nepi ka leuwih gampang pikeun diolah. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu digunakeun pikeun nyalin data kecap rundayan. Contona saperti ieu di handap.

Tabel 3.4 Kartu Data

Kode: CR04/P6/K1/28/204	
KR	: bukuna
Adg.	: -na + KB
F	: dérivatif nominal ($N \rightarrow N$)
H	: 'milik'

Katerangan:

Kode : CR04 = urutan carpon ka sabaraha

Sari Nursalam, 2023

KECAP RUNDAYAN DINA CARPON KARYA PINUNJUL PASANGGIRI NULIS CARPON PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR ASPÉK KABASAAN DI SMP (Ulukan Adegan, Fungsi, jeung Harti)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- P6 = paragraf ka sabaraha dina éta carpon
 K1 = kalimah ka sabaraha dina éta carpon
 28 = data ka sabaraha dina éta judul
 204 = data ka sabaraha dina sakabéh carpon
- KR : Kecap rundayan nu didata dina carpon
 Adg. : Adegan kecap rundayan
 F : Fungsi ngararangkénan
 H : Harti gramatikal ngararangkénan

3.5 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpul tuluy dianalisis. Analisis data anu dilakukeun ku cara ngalaksanakeun prosedur-prosedur analisis data. Téhnik analisis atawa ngolah data dipaké pikeun méré déskripsi-déskripsi kana data anu geus diolah. Sugiyono (2017, kc. 244) nétélakeun yén analisis data nyaéta prosés néangan jeung nyusun data sacara sistematis. Dina nganalisis data digunakeun téhnik analisis unsur langsung. Anapon léngkah-léngkah ngolah datana saperti ieu di handap:

- a. maluruh jeung nyirian kecap-kecap rundayan dina carpon;
- b. méré kode dina unggal kecap rundayan anu dicirian;
- c. nyusun papasingan adegan kecap rundayan nu aya dina carpon;
- d. nyusun papasingan fungsi ngararangkénan;
- e. nyusun harti ngararangkénan;
- f. nyieun alternatif bahan ajar mangrupa carpon jeung pedaran matéri kecap rundayan; tuluy
- g. nyieun kacindekan.